

# KUZIVA MWARI



Chidzidzo 2 cha Kubvumbi 11, 2026



“Uupenyu  
bgusingaperi  
ndibgo, kuti  
vakuzivei imi,  
Mnjari uri woga  
wazokwadi,  
naJesu Kristu,  
wamakatuma.”

(Johani 17:3)

Kunzwisisa kwedu Mwari kwakashatiswa nechivi. Takaedza kumumirira muzvifananidzo zvakaumbwa semhuka kana vanhu. Ave achifananidzirwa seasina maturo kana kuti ane udzvinyiriri. Pakupedzisira, vanhu vakagadzira mufananidzo waMwari mumufananidzo wavo.

Asi Mwari akaita sei chaizvo? Akakura here zvekuti hatingamunzwise? Chokwadi, pasinei nokuti tingaedza zvakadini, pfungwa dzedu hadzisoni kunzwisisa Mwari. Tinoda rubatsiro.

Asi rubatsiro rwasvika. Unoda kuziva kuti iye akaita sei? MuBhaibheri, tine chizaruro chechokwadi chechimiro chaMwari.



➔ Hunhu(attributes) hwaMwari.

➔ Hunhu(character) hwaMwari:


● Mwari Mutsvene

● Mwari rudo

➔ Kuziva Mwari:

● Mwari anozarurwa muKusika

● Mwari anozarurwa muna Jesu (Emmanueri)





**HUNHU (ATTRIBUTES)  
HWAMWARI**

“Haiwa, Jehova, Mhari wehondo, Ndianiko unesimba, wakafanana nemi, Jehova? Kutendeka kwenyu kunokukomberedzai” (Mapisarema 89:8)

HUNHU (ATTRIBUTES)  
HWAMWARI

Bhaibheri rinopa mufananidzo wa Mwari wakatendeka, wakajeka, uye usingachinji. Imwe yenzira dzainotibvumira kuti timuzive kuburikidza nehunhu (attributes) Hwake.

## HUMWE HUNHU (ATTRIBUTES) HWAMWARI



Wamasimba ose (Genesisi 17:1)



Muzivi wezvose (1 Johani 3:20)



Anoziva zvichaitika mune ramangwana (Isaya 46:10)



Akarurama (Mapisarema 11:7)



Ane nyasha (Deuteronomio 4:31)



Anotsungirira nekunyaradza (VaRoma 15:5)



Mupi wenyasha (VaRoma 3:24)



Anoregerera (Mapisarema 86:5)




Anobata hushe (Mapisarema 47:8)



Anogara nokusingaperi (Genesisi 21:33)



Kana ari iye, Satani akaedza kubvira pakutanga kukanganisa hunhu hwa Mwari, achimuratidza sa Mwari ane udyire, anongotsvaka zvakamunakira iye oga. (Gen. 3:4-5).





**HUNHU (CHARACTER)  
HWAMWARI**

**“Imne yakadanzira kuneimne, iciti: “Mutšene, mutšene, mutšene, iye Jehova wehondo; nyika yose izere nokubginya kwake.” (Isaya 6:3)**

# MWARI MUTSVENE

**Ngirozi dzinomira pedyo naMwari dzinomurumbidza se “Mutšene, mutšene, mutšene” (Isa. 6:3; Rev. 4:8). Hunhu uhwu hwakabatana chaizvo nehunhu Hwake zvekuti Isaya anohushandisa sezita chairo raMwari: “ndizo zinotaura Mutšene”. (Isa. 40:25; 57:15).**

**Zvinorevei kuva mutsvene? Zvinoreva kukumikidzwa, kutsaurwa, kuchena. Tinova vatsvene kana tikasiya zvakaipa tichiita basa ratakaronzeswa naMwari. (Num. 15:40; Rev. 11:44; 1 Pet. 2:9).**

**Asi izvi zvinoshanda sei kuna Mwari? Akaparadzana zvachose nezvakaipa uye haana ukama nechivi.**


**Izvi zvinoreva kuti, nekuti Iye Mutsvene, rudo rwake rutsvene, rwakachena, uye haruna udyire. Nokuti Iye Mutsvene, masimba ake ose matsvene, akachena, uye haana hundini. Hunhu Hwake hwose hwakazadzwa nehutsvene nekuchena.**



# MWARI RUDO

**“Nesu takaziva, tikatenda rudo urwu, Mhari rwaanarwo kwatiri. Mhari rudo; unogara murudo, unogara munaMhari, naMhari maari.” (1 Johani 4:16)**

Mwari haana rudo bedzi kana kuti kupa rudo (kunyange zvazvo achiita zvose zviri zviviri), asi “Mwari rudo” ( 1 Johani 4:8, 16 ). Kufanana noutsvene, rudo rutivi rwomukati rwechimiro chohumwari.



**Nemhaka yorudo, akasika vanhu murume nomukadzi, uye “akavarayira” kuti vadanane(Gen. 2:24)**

**Nemhaka yorudo, apo Adhama naEvha vakatadza, Iye akavatsvaka ndokuvapa tariro (Gen. 3:9, 15)**

**Nemhaka yorudo, akaita sungano naAbrahama uye akapikira zvikomborero nokuda kworudzi rwose rwomunhu (Gen. 26:4)**

**Nemhaka yorudo, akapa Mwanakomana wake—Jesu Kristu—kuti afire zvivi zvedu (Johani 3:16)**



**Ndingapindura sei kurudo Rwake?**

**“Isu tinoda, nokuti iye wakatanga kutida” (1 Johani 4:19).**





**KUZIVA MWARI**

# MWARI ANOZARURWA MUKUSIKA



**“Kudenga-denga kunoparidzira kubginya kwaMhvari;  
Duye denga rinoratidza basa ramavoko ake.” (Mapisarema 19:1)**

**Bhaibheri rinotanga nekunongedzera kuna Mwari sa אֱלֹהִים (*elohim*).  
Kunyange zvazvo shanduro chaiyo yezita iri iri rokuti “vamwari,”  
rinoshandiswa seshoko riri kureva munhu mumwe chete. Sokuti  
“Pakutanga, *Vamwari* vakasika denga nenyika” (Gen. 1:1).**

**Inotipa Musiki uyo, kuburikidza neShoko [Jesu Kristu], uye  
nokupindira kwoMweya, ane simba rokuunza chinhu chiri chose  
chiripo.(Gen.1:1-3; Jn. 1:1-3).**


**Muna Genesisi chitsauko 2, zita raMwari pachake rinowedzerwa: יהוה!  
(*Yahweh*). Zvino haangoti, “Ngakuve.” Anotora munhu ndokumuumba  
nemaoko Ake. Mwari ane simba anozviratidza saMwari anosvikirika,  
anotaurika Naye.**

**Anotibata, anotaura nesu, anotidzidzisa, anotipa basa redu...  
anotida.**




# MWARI ANOZARURWA MUNA JESU (EMMANUERI)

"Hakunomunhu wakatongovona Mhari; Mhari wakaberekwa ari mumnje woga, uri pacifuva caBaba, ndiye wakamuzivisa isu." (Johani 1:18)



Kana tichida kuziva zvakaita Mwari, ngatisvike pakuziva Jesu. Iye ndiMwari munyama ( Johani 1:14 ), uyo akazvizivisa amene kuburikidza nokupfeka hunhu kuti agogona kuonekwa nokunzwiwa nesu ( Johani 1:18; 14:9; 1 Johani 5:20).

Akaziviswa pasi pezita rohuprofito rairatidza chinangwa chohupenyu hwake: Emanueri, Mwari anesu ( Isaya 7:14; Mateo 1:23 ). Vaevhangeri vana vanomuratidza kwatiri nenzira dzakasiyana.



**Mateo**

Kubva kumuJuda  
kuenda kumaJuda

Ndiye Mesiya anozadzisa  
zvaakavimbisa

**Marko**

Kubva kumuJudha  
kuenda kuvaHedheni

Anogara akangwarira  
kushandira vamwe

**Ruka**

Kubva kumuHedheni  
kuenda kuvaHedheni

Hunhu uye kunzwira

**Johani**

Kubva kumuJuda  
kuendakumaJuda  
nevaHedheni

Mupi wehupenyu  
hwenyama nehwemweya

**“Zviuru zvine pfungwa yenhema pamusoro paMwari nehunhu Hwake... Mwari ndiMwari wechokwadi. Kururama netsitsi ndiwo hunhu hwechigaro Chake cheushe. NdiMwari ane rudo, ane tsitsi netsitsi. Nokudaro anomiririrwa muMwanakomana Wake, Muponesi wedu. NdiMwari ane mwoyo murefu. Kana akadaro ari watinonamata uye ane unhu hwatiri kutsvaka kutevedzera, tiri kunamata Mwari wechokwadi.”-Non-Official translation by Gift Mawoyo**

**EGW (God Cares for Us, August 8)**